

**PENERAPAN MEDIA *FILMSTRIP* DALAM PEMBELAJARAN
MENYAJIKAN INFORMASI DATA DALAM BENTUK TEKS
EKSPLANASI DI KELAS VIII SMP PASUNDAN 3 BANDUNG TAHUN
AJARAN 2022/2023**

RINGKESAN

Ieu panalungtikan didasaran ku anggapan yén nulis téh mangrupa kaparigelan anu hésé dikuasai. Hal ieu ngabalukarkeun siswa hésé ngébréhkeun gagasan, ogé kurang éféktifna média anu digunakeun ku guru. Salasahiji média anu dianggap luyu anu bisa ngaronjatkeun minat siswa dina diajar nulis nya éta média filmstrip. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho: kamampuh nu nulis dina ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun média filmstrip, kamampuh siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina nulis téks éksplanasi ngagunakeun média filmstrip, ogé éféktivitas média filmstrip. dina pangajaran nepikeun informasi data dina wangun téks éksplanasi ka siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung. Méthode panalungtikan anu digunakeun nyaéta méthode ékspérimén dina wangun Nonequivalent Control Group Design. Sedengkeun pikeun hasil panalungtikanana, nya éta: (1) pangarang mampuh ngalaksanakeun pangajaran nepikeun informasi data dina wangun téks éksplanasi kalayan peunteun rata-rata 3,76; (2) siswa mampuh nepikeun informasi data dina wangun téks éksplanasi ngagunakeun média filmstrip kalawan rata-rata hasil pratés pikeun kelas ékspérimén jeung kelas kontrol, nya éta $52,77 > 26,38$, sedengkeun rata-rata hasil postés pikeun kelas ékspérimén nya éta leuwih luhur batan kelas kontrol, nya éta $92,59 > 80,78$; (3) Média filmstrip éféktif digunakeun pikeun ngagampangkeun siswa dina nepikeun gagasan dina pangajaran nepikeun informasi data dina wangun téks éksplanasi pikeun siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung kalayan ajén Asymp.sig. (2-buntut) tina $0,006 < 0,05$ dina uji Mann Whitney. Dumasar kana katerangan di luhur, bisa dicindekkeun yén pangajaran nepikeun informasi data dina wangun téks éksplanasi ngagunakeun média filmstrip pikeun siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung junun némbongkeun ngaronjatna hasil diajar.

Konci: *Papasingan, Téks Éksplanasi, jeung Média Filmstrip.*